

N ap Kouvri Tout Ka!

Ke ou gen asirans ke ou pa genyen, Sant CHA Teen Health yo ap ofri swen primè bay tout elèv dezyèm sik segondè.

- Si jennmoun ou an se yon pasyan CHA, nou fè pati ekip swe primè w lan
- Si jennmoun ou an pa gen asirans, n ap ofri li swen gratis
- Si jennmoun ou an wè yon founisè swen primè nan yon lòt sistèm, nou kapab toujou ofri swen

Sa vle di, ou pa bezwen enkyete w de kouvèti asirans, n ap garanti jennmoun ou an jwenn swen sante li bezwen yo nan Cambridge Teen Health.

challiance.org



CHA MALDEN TEEN HEALTH CENTER

Nou fè sa fasil pou jènjan/jènfi
w lan jwenn swen



Malden High School

77 Salem Street

781-338-0101

challiance.org/malden-teen

 Cambridge
Health Alliance

 MassGeneral Hospital
for Children

 HARVARD MEDICAL SCHOOL
TEACHING HOSPITAL

 Tufts
UNIVERSITY | School of
Medicine

Nou konprann, ou gen anpil bagay w ap okipe...

donk kowòdone swen sante pou jènjan/jènfi plen aktivite w lan kapab difisil. Se poutèt sa nou fè l'fasil pou jènjan/jènfi w lan jwenn swen - nan lekòl la menm. Ou pa bezwen deplase ni pran konje nan travay ou, annik jwenn yon lè ki bon nan jounen elèv ou a epi n ap okipe l depi nan A rive nan Z.

Egzakteman bon laj la:

Nou ofri swen pou elèv ant laj 12 ak 24 ran.

Randevou fasil:

Rele nou nan **781-338-0101** oswa jènjan/jènfi w lan gen dwa pase nan biwo resepsyon nou an pou jwenn yon lè ki bon pou li.

Nou louvè:

Lendi jiska Mèkredi ak Vandredi soti 8:00 a.m. midi.

Jedi soti 8:00 a.m. rive 4:00 p.m.

Pandan vakans lekòl, jènjan/jènfi w lan kapab jwenn swen nan CHA Malden Care Center, 195 Canal Street, Malden, MA 02148.



Nou Kenbe Jènjan ak Jènfi yo An Sante

Wi, nou ofri swen primè - se yon pati enpòtan nan kenbe jènjan/jènfi w lan an sante. Men nou ofri anpil lòt bagay toujou.

Swen Primè

- Bilan sante
- Vaksen
- Sante oral debaz

Sante mantal

- Evalyasyon
- Konsèy ak terapi
- Konsèy sou itilizasyon sibstans

Sante Ògàn Repwodiksyon Konfidansyèl

- Ijyèn seksyèl ak swen repwodiksyon
- Tès/depistaj
- Edikasyon

Konsantman paran nesesè pou swen primè ak swen sante mantal si jènjan/jènfi w la gen mwens pase 18 an. Konsantman paran pa nesesè pou swen sante ògàn repwodiksyon.

Nou wè tout elèv yo epi n ofri yo aksè nan rezo CHA a

Nou fè pati Cambridge Health Alliance (CHA). Donk si fournisè swen sante jènjan/jènfi w la nan nenpòt ki lokal CHA, nou kapab okipe l isit la.

Se konsa, si wi ou non fournisè timoun ou an nan nenpòt sit CHA, nou ka pran swen yo isit la.